



## Aprann ti konsèy la

**Chwazi yon mo:** Pandan ptit ou ap li, chèche mo ki gen yon prefiks, sifiks, oswa yon fen tankou -ed ak -s. Oswa mo ou kapab ajoute yon prefiks (kòmansman) oswa sifiks (fen) ladan yo.

**Ajoute epi/oswa retire yon sifiks ak yon prefiks:** Ankouraje ptit ou pou li fè eksperyans lan. Li kapab fè mo ki pa gen siyifikasyon! Mo ki pa gen siyifikasyon fè ou kwè yo se mo ki gen men modèl son kòn vrè mo. Yo ede ptit ou pratike modèl son yo.

**Diskite sou fason mo a chanje:** Pale sou fason mo a chanje. Pa egzanp, li ka vle di yon bagay nouvo, oswa yon vèb ka vin yon non, oswa yon mo kapab vin opliryèl si ou ajoute-s ladan.

### Pou kisa ti konsèy sa a?

*Pou ptit ou kapab grandi kòn yon lektè li bezwen anpil "zouti" pou chèche konnen nouvo mo konplike. Gade kòmansman oswa fen an se yon zouti lektè yo itilize pou yo konprann siyifikasyon mo yo.*



## Mande ptit ou

*Timoun ki pi jèn yo:*

An nou itilize fen mo a kòn yon endis pou siyifikasyon an. Nou Konnen fen s la vle di mo a opliryèl

Kijan mo sa a ap chanje si nou ajoute yon kòmansman oswa yon finisman nan mo a?

*Pi gran timoun yo*

An nou ajoute yon sifiks nan mo sa a. Kisa k ap pase si nou ajoute-ness, pou fè mo a vin yon non?

An nou ajoute yon prefiks nan mo sa a. Kisa k ap pase si nou ajoute un-, ki Vle di "opoze" oswa dis- ki vle di "pa"?

Si nou ajoute yon prefiks oswa yon sifiks nan mo sa a, kijan siyifikasyon mo a ap chanje?



## Pratike avèk kè kontan

Jwe "Kategori."

Chwazi yon kategori epi di tout kantite mo ki kapab antre nan kategori a. Li kapab gwo , tankou "fwi" oswa pi konsantre tankou "bagay ou jwenn nan yon otobis." ou kapab fè sa vin yon konpetisyon (nenpòt moun ki pa kapab reflechi sou yon mo nan kategori a ap pèdi), oswa jwe pou amizman.

Si ou vle jwe avèk prefiks oswa sifiks yo ou kapab fè kategori "Mo ki kòmanse avèk pe-" oswa "mo ki se non" (anpil ladan yo ta fini avèk -ness oswa -ion).